



YON AKSYON ENPOTAN. YON GWO ENPAK.

POUKISA TÈS DEPISTAJ KANSÈ ENPÒTAN?

Dapre Sosyete Ameriken pou Kansè a, yo prewva apeprè 609820 ameriken ap mouri akòz kansè nan ane 2023.¹ Li esansyèl pou w fè tès depistaj regilye pou w detekte kansè bonè, epi pou w pran kontwòl sante w.¹ Aprann ki tès depistaj Sosyete Ameriken pou Kansè rekòmande, kilè w ta dwe fè yo, epi pale ak yon pwofesyonèl swen sante konsènan pi bon plan depistaj ki egziste pou ou.

ESKE W TE KONNEN?

Detekte kansè byen bonè atravè tès depistaj **diminye lanmò** akòz kansè nan kolon, nan tete, nan kòl matris, nan poumon (kay moun ki te konn fimen anpil) ak kansè pwostat.^{1,2}

– Sosyete Ameriken pou Kansè

KISA SEMÈN DEPISTAJ KANSÈ A YE?

Semèn depistaj kansè a se yon inisyativ sante piblik ki te fonde pa Genentech, Sosyete Ameriken pou Kansè, Stand Up To Cancer ak Optum pou ogmante sansibilizasyon konsènan benefis tès depistaj pou deteksyon kèk kansè byen bonè. Efò kolaborasyon sa a nan tout peyi a pou ogmante sansibilizasyon konsènan tès depistaj kansè yo rekòmande ki fèt premye semèn konplè desanm nan chak ane.

KÒMAN MWEN KA PATISIPE?

- Vizite www.CancerScreenWeek.org pou aprann plis konsènan benefis depistaj kansè ki ka sove lavi epi telechaje resous ki itil pou pale ak doktè pa w.
- Pale de Semèn Depistaj Kansè a epi mete men ak efò kolektif la pou ede sove plis vi anba kansè.

KI MOUN KI TA DWE FÈ DEPISTAJ POU KANSÈ?

Depistaj fè referans ak tès ak egzamen yo itilize pou detekte kansè kay moun ki pa gen sentòm yo. Deteksyon byen bonè vle di idantifye epi dyagnostike kansè pi bonè pase si yon moun ta tann pou sentòm yo kòmanse. Depistaj ogmante chans pou detekte sèten kansè byen bonè nan moman li pi fasil pou trete yo.^{1,2} Aprann ki tès depistaj Sosyete Ameriken pou Kansè a rekòmande pou w ka pale ak founisè swen sante w konsènan plan depistaj ki bon pou ou a.^{3,4}



KANSÈ NAN TETE

Kansè nan tete yo detekte byen bonè, lè li piti epi li pa gaye, pi fasil pou trete avèk sikse. Fè tès depistaj regilye se fason ki pi fyab pou detekte kansè nan tete bonè.^{2,3}

- ✓ Fanm ki gen laj 40 a 44 an ki gen risk mwayèn pou kansè nan tete ta dwe gen chwa pou kòmanse tès depistaj kansè nan tete anyèl ak mamogram si yo vle fè sa.
- ✓ Fanm ki gen laj 45 a 54 an ta dwe fè mamogram chak ane.
- ✓ Fanm ki gen 55 an oswa plis ka chwazi fè mamogram chak dezan, oswa ka kontinye tès depistaj chak ane. Depistaj ta dwe kontinye toutotan yon fanm an bon sante epi li espere viv 10 an plis oswa plis.
- ✓ Pifò fanm ki gen gwo risk ta dwe kòmanse tès depistaj ak MRI ak mamogram, souvan kòmanse anvan laj 40 an epi kontinye toutotan yo an bon sante.¹



KANSÈ NAN KOLON

Avèk tès depistaj regilye, yo ka souvan anpeche oswa detekte kansè nan kolon nan yon etap byen bonè nan moman li ta ka pi fasil pou trete.^{2,6}

- ✓ Moun ki gen 45 an oswa plis epi ki gen risk mwayèn yo ta dwe fè tès depistaj regilyèman pou kansè nan kolon.³
- ✓ Gen plizyè tès efikas ki disponib, tankou tès vizyèl (koloskopi, kolonografi CT, ak sigmoidoskopi fleksib) ak tès pou pou lakay yo ki chèche ADN fekal oswa san nòm.³
- ✓ Moun ki gen plis risk yo ka bezwen kòmanse tès depistaj yo depi nan yon laj ki pi piti, fè tès depistaj pi souvan, oswa fè tès espesifik.³
- ✓ Si yon moun chwazi fè tès depistaj ak yon lòt tès ki pa koloskopi, nenpòt rezilta tès ki pa nòm ta dwe mache ak yon koloskopi atan.³



KANSÈ PWOSTAT

Li pa klè si gen plis benefis nan tès depistaj kay gason pou kansè nan pwostat pase risk yo. Gason yo ta dwe gen yon chans pou yo pran yon desizyon enfòmè ak founisè swen sante yo konsènan si yo pa ta fè tès depistaj.^{2,3}

- ✓ Apati de laj 50 an, gason ki gen risk mwayèn pou kansè pwostat yo, sila yo panse k ap viv omwen 10 ane anplis ta dwe pale ak yon pwofesyonèl swen sante konsènan avantaj ak dezavantaj tès depistaj la.
- ✓ Apati laj 45 an, gason afwo-ameriken ki gen yon papa oswa yon frè ki te gen kansè nan pwostat anvan laj 65 an ta dwe pale ak yon founisè swen sante konsènan avantaj ak dezavantaj tès depistaj.
- ✓ Apati laj 40 an, gason ki gen plizyè manm fanmi ki te gen kansè nan pwostat anvan laj 65 an ta dwe pale ak yon founisè swen sante konsènan avantaj ak dezavantaj tès depistaj.³



KANSÈ NAN MATÈY

Tès HPV a detekte enfeksyon HPV ki gen plis chans pou lakòz kansè nan matris. Sa ka fèt kòm yon tès HPV prensipal (pou kont li) oswa an menm tan ak tès Pap la (ko-tès). Tès Pap la gade selil ki soti nan kòl matris la pou detekte kansè ak pre-kansè.⁴

- ✓ Moun ki gen yon kòl matris ki gen yon risk mwayèn ta dwe kòmanse tès depistaj kansè nan matris a laj 25 an.
- ✓ Moun ki gen laj 25-65 ta dwe fè yon tès HPV prensipal chak 5 an.
- ✓ Si tès HPV prensipal la pa disponib, tès depistaj yo ka fèt swa ak yon ko-tès (tès HPV konbine avèk yon tès Pap) chak 5 an oswa yon tès Pap pou kont li chak 3 an.
- ✓ Moun ki gen plis pase 65 an ki pa gen okenn dosye CIN2+ nan 25 ane ki sot pase yo epi ki te fè tès depistaj regilye nan 10 ane ki sot pase yo ak tès ki pi resan nan 5 ane ki sot pase yo pa ta dwe fè tès pou kansè nan matris. Yo defini CIN2+ kòm selil ki pa nòm nan nivo modere konsènan sifas kòl matris la, anjeneral ki lakòz sèten kalite HPV.⁵
- ✓ Granmoun ki te pran vaksen kont HPV ta dwe toujou swiv direktiv sa yo.
- ✓ Sòf si te gen yon operasyon pou kansè oswa pou anpeche kansè, moun ki te fè yon isterektomi total (retire matris la ak kòl matris la) ta dwe sispann tès depistaj. Moun ki te fè yon isterektomi san yo pa retire kòl matris la ta dwe kontinye suiv direktiv sa yo.⁴



KANSÈ NAN POU MON

Depistaj anyèl pou kansè nan poumon ak eskanè CT ba dòz (LDCT) ka yon opsyon pou moun ki gen plis risk pou kansè nan poumon ki reponn ak kèk kritè. Benefis prensipal tès depistaj LDCT anyèl la se ke gen mwens risk pou mouri nan kansè nan poumon.^{2,3}

- ✓ Yo rekòmande tès depistaj kansè nan poumon pou moun ki gen laj 50 a 80 an ki toujou ap fimen oswa ki kite fimen nan 15 dènye ane yo E ki gen yon dosye fimen pou omwen 20 ane E ki te resewva konsèy pou kite fimen, si yo kontinye fimen. Yo ta dwe fè yo konnen tou benefis ak limit posib nan tès depistaj LDCT, epi fè tès depistaj nan yon etablisman ki gen eksperyans nan depistaj kansè nan poumon ak tretman.⁷



KANSÈ NAN PO

Nenpòt moun ka gen kansè nan po. Malgre ke Sosyete Ameriken pou Kansè a pa gen direktiv konsènan tès depistaj pou kansè nan po, tout moun ta dwe konnen pwòp po yo. Si w tcheke po w regilyèman, sa ka ede anpil moun evite kansè nan po byen bonè, lè li pi fasil pou trete.²

- ✓ Anpil pwofesyonèl swen sante yo rekòmande pou tout moun tcheke pwòp po yo, de preferans yon fwa pa mwa. Sa a ede yon moun konnen modèl grennbote, tach, enfèksyon, ak lòt mak konsènan po yo pou yo ka wè epi rapòte chanjman oswa nouvo preokipasyon.^{8,9}
- ✓ Gen kèk founisè swen sante ki fè egzamen po kòm yon pati nan tchèk sante woutin.^{8,9}
- ✓ Egzamen po regilye pa yon pwofesyonèl swen sante yo espesyalman enpòtan pou moun ki gen plis risk pou kansè po, tankou moun ki gen iminite redwi, ki gen yon dosye pèsònèl oswa famiyal anrapò ak kansè nan po, ak moun ki gen anpil grennbote etranj.^{8,9}

REFERANS

1. Sosyete Ameriken pou Kansè. Done ak Chif konsènan Kansè pou 2023. Disponib konsènan: <https://www.cancer.org/content/dam/cancer-org/research/cancer-facts-and-statistics/annual-cancer-facts-and-figures/2023/2023-cancer-facts-and-figures.pdf>. Aksè 9 fevriye 2023. 2. Sosyete Ameriken pou Kansè. Cancer Prevention & Early Detection Facts & Figures 2021-2022. Disponib nan: <https://www.cancer.org/content/dam/cancer-org/research/cancer-facts-and-statistics/cancer-prevention-and-early-detection-facts-and-figures/cancer-prevention-and-early-detection-facts-and-figures-2021-2022.pdf>. Aksè 9 fevriye 2023. 3. Smith RA, Andrews KS, Brooks D, et al. Cancer screening in the United States, 2019: A review of current American Cancer Society guidelines and current issues in cancer screening. *CA Cancer J Clin.* 2019. Disponib nan: <https://acsjournals.onlinelibrary.wiley.com/doi/full/10.3322/caac.21557>. Aksè 9 fevriye 2023. 4. Fontham ETH, Wolf AMD, Church TR, et al. Cervical Cancer Screening for Individuals at Average Risk: 2020 Guideline Update from the American Cancer Society. *CA Cancer J Clin.* 2020. Disponib konsènan: <https://acsjournals.onlinelibrary.wiley.com/doi/full/10.3322/caac.21628>. Aksè 9 fevriye 2023. 5. National Cancer Institute (NCI). NCI Dictionary of Cancer Terms. CIN 2. Disponib nan: <https://www.cancer.gov/publications/dictionaries/cancerterms/def/cin-2>. Aksè 9 fevriye 2023. 6. Sosyete Ameriken pou Kansè. Colorectal Cancer Facts & Figures 2020-2022. Disponib nan: <https://www.cancer.org/content/dam/cancer-org/research/cancer-facts-and-statistics/colorectal-cancer-facts-and-figures/colorectal-cancer-facts-and-figures-2020-2022.pdf>. Aksè 9 fevriye 2023. 7. U.S. Preventive Services Task Force. Lung Cancer: Screening. Disponib konsènan: <https://www.uspreventiveservicestaskforce.org/uspstf/recommendation/lung-cancer-screening>. Aksè 9 fevriye 2023. 8. Sosyete Ameriken pou Kansè. Can Basal and Squamous Cell Skin Cancers Be Found Early? Disponib konsènan: <https://www.cancer.org/cancer/basal-and-squamous-cell-skin-cancer/detection-diagnosis-staging/detection.html>. Aksè 9 fevriye 2023. 9. Sosyete Ameriken pou Kansè. Can Melanoma Skin Cancer Be Found Early? Disponib konsènan: <https://www.cancer.org/cancer/melanoma-skin-cancer/detection-diagnosis-staging/detection.html>. Aksè 9 fevriye 2023.